



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMANN POU APLIKASYON POU SYANS LAVI AK DEVLOPMAN MENDÈV NAN KAD FON ENVESTISMAN 350 MILYON DOLA LONG ISLAND LAN**

*De RFA 50 milyon dola fè pati yon pi gwo estrateji pou devlope ak ranfòse konpetitivite ekonomik Long Island*

*Aplikan ki enterese yo ka aprann plis ak aplike [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a de Demann pou Aplikasyon (Request for Applications, RFA) nan kad [Fon Investisman Long Island](#) 350 milyon dola a. Empire State Development pral pibliye yon RFA pou kreyasyon yon Pwogram Akseleratè Syans Lavi ak youn pou kreyasyon Sant Fòmasyon Devlopman Mendèv. RFA Fon Investisman Long Island sa yo prezante yon opòtinite pou ranfòse ekosistèm syans lavi k ap grandi nan rejyon an epi bati sou vizyon Gouvènè Hochul pou sipòte [plan devlopman mendèv rejyonal](#) ki founi konpetans y ap chèche yo ak plasman dirèk nan travay.

"Administrasyon mwen an kontinye angajman li pou sipòte inovasyon revolisyone ak devlopman mendèv ki kenbe Eta New York an avangad atravè anpil fòs rejyonal li yo, ki gen ladan lidèchip syans lavi Long Island lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fon Investisman Long Island lan pral elaji opòtinite lè li akselere devlopman konpayi ki nan premye etap yo ki pral transfòme peyizaj endistri zòn nan ak vize fòmasyon mendèv pou satisfè bezwen anplwayè ki gen gwo kwasans yo. Atravè patenarya sa yo, n ap ede ranpli wòl enpòtan yo nan prepare moun k ap chèche travay New York yo pou karyè alavni".

Enkli nan Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2023 a, [Fon Investisman Long Island](#) lan gen twa eleman: 250 milyon dola pou sipòte pwojè transfòmasyon, 50 milyon dola pou sipòte yon pwogram akseleratè avèk yon konpetisyon antrepriz, ak 50 milyon dola pou sipòte devlopman mendèv. Jiska prezan, plis pase 55 milyon dola sou 250 milyon dola te repati nan pwojè ki pral sipòte epi devlope ekonomi rejyonal la, amelyore kominote yo, epi ki gen enpak pozitif alontèm atravè rejyon an. De RFA 50 milyon dola ke yo te anonse jodi a, ki sipòte devlopman yon pwogram akseleratè ak sipòte devlopman mendèv, demontre yon etap enpòtan nan reyalize vizyon Gouvènè Hochul pou ranfòse avni rejyon an nan ankouraje kwasans komèsyalizasyon nan koridò

rechèch syans lavi Long Island nan epi bati enfrastrikti debaz ki nesèsè pou sipòte mendèv talantye reyon an ak bezwen endistri reyonan yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Avèk anons jodi a, New York ap poze baz pou konstwi sou envestisman Eta a nan ekosistèm syans lavi Long Island lan ak bezwen mendèv reyonan yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Fon Envestisman Long Island lan pral prepare mendèv reyon an pou demen epi li pral ranfòse Long Island kòm yon sant teknoloji ak inovasyon".

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Long Island se kote inovasyon ak opòtinite kwaze. Atravè RFA Fon Envestisman Long Island yo anonse jodi a, nou pral transfòme koridò syans lavi reyon an epi kreye opòtinite pou yon pi bon avni pou rezidan yo ak biznis yo pou jenerasyon k ap vini yo".

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Reyonan Long Island lan, Linda Armyn, Direktris Estrateji ak Maketing nan Bethpage Federal Credit Union te deklare,** "Envestisman estratejik nan mendèv nou an ak ekonomi inovasyon an pral fè avanse avni Long Island. RFA Fon Envestisman Long Island lan yo pral poze fondasyon pou elaji opòtinite mendèv pou moun Long Island yo pandan l ap ogmante kapital entelektiyèl reyon an ki pral kenbe reyon nou an konpetitif nan endistri syans lavi k ap grandi a".

### **Pwogram akseleratè syans lavi (50 milyon dola)**

[Lanse nan mwa out 2022](#) avèk yon reyinyon ESD te konvoke pou rasanble kontribisyon endistri yo pou pwosesis RFA a, Pwogram Akseleratè Syans Lavi 50 milyon dola a pral sipòte ak ankouraje konpayi syans lavi ki favorab ki pral atire talan, inovatè, ak konpayi syans lavi yo nan Long Island. Nan kad RFA sa a, ESD pral chwazi yon aplikan atravè yon pwosesis konpetitif pou kreye yon pwogram akseleratè ki pral sipòte konpayi ki kapab devlope a gran echèl konpayi syans lavi yo ki gen potansyèl kwasans alontèm. Pwogram akseleratè sa a, ki fèt pou konplete lòt pwogram akseleratè Eta New York, pral debouche sou yon konpetisyon antrepriz kote konpayi yo prezante pwodwi yo bay yon komisyon jij ekspè pou jwenn lajan.

Aktyèlman, ESD finanse uit pwogram akseleratè nan Eta New York: [Genius NY](#), [43North](#), [HUSTLE](#), 76 West, [Luminate](#), [Konpetisyon Plan Dafè Eta New York](#), [Konpetisyon Komèsyalizasyon](#), ak [Grow NY](#), ki ede antreprenè yo akeri konpetans yo bezwen pou jwenn kapital, akselere inovasyon, fè koneksyon enpòtan nan endistri a epi devlope konpayi yo nan Eta New York. Pwogram sa yo ofri sipò konplè pou konpayi ki nan premye etap yo k ap kontribiye nan inovasyon teknolojik, kwasans ekonomik, ak travay nan reyon espesifik nan New York ak nan kèk ka tout eta a.

RFA Akseleratè Syans Lavi a ap kòmanse aksepte aplikasyon yo apati mèkredi 28 desanm 2022 jiska 31 mas 2023 a 5:00 PM EST. Aplikan ki enterese yo ka aplike [isit la](#).

### **Sant Fòmasyon pou Devlopman Mendèv (50 milyon dola)**

Alokasyon 50 milyon dola sa a pral kreye nouvo opòtinite ekonomik pou moun ki nan chomaj, travayè ki pa gen bon travay ak ki pa byen reprezante yo, pandan l ap satisfè an menm tan bezwen travay nan sektè endistri ki pi devlope nan eta a. Nan kad RFA sa a, ESD pral chwazi youn oswa plizyè aplikan pou konstwi, ekipe ak opere sant pou fòmè oswa refòmè epi repati moun ki soti nan mendèv Long Island pou satisfè bezwen ak opòtinite endistri rejyonal yo.

ESD te idantifye plizyè endistri ki sible pou kwasans, tankou Byoteknoloji ak Syans Lavi, Teknoloji Pwòp ak Enèji Renouvlab, Bwason Atizanal, Touris, Fabrikasyon Avanse, Biznis Agrikòl. Pwojè ki konsantre sou fòmasyon nan endistri yo idantifye ak ki mennen nan travay nan endistri sa yo pral jwenn priyorite avèk preferans yo bay pwogram fòmasyon ki sipòte gwoup ki sosyalman ak ekonomikman defavorize yo. Pou ka elijib pou resevwa yon prim sibvansyon, aplikan an dwe dakò satisfè egzijans korespondans depans sa a: sibvansyon LIIF (Fon Envestisman pou Moun ki Gen Revni Ba) la pral kouvri pa plis pase 50% pou depans total pwojè a.

RFA Sant Fòmasyon pou Devlopman Mendèv la pral aksepte aplikasyon yo soti mèkredi 28 desanm 2022 jiska 31 mas 2023 a 5:00 PM EST. Aplikan ki enterese yo ka aplike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418